

## AVI SA A ESPLIKE FASON NOU GENDWA ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU AK FASON OU KA JWENN ENFÒMASYON SA YO.

Misyon Greater Mental Health of New York la se pou ede moun amelyore sante mantal yo epi refè apre yon pwoblèm abi sibstans nan konte Westchester ak Rockland yo pa mwayen travay pledwaye, edikasyon kominotè ak sèvis dirèk. Pou ranpli misyon sa a, nou pran angajman pou fè tout sa ki nesèsè pou moun ki patisipe nan sèvis nou yo trete ak respè e pou tout enfòmasyon yo trete avèk anpil konfidansyalite. Se pou rezon sa a nou prepare avi sa a pou fè w konnen pratik konfidansyalite Greater Mental Health itilize yo. Anplwaye nou yo, pwofesyonèl nou yo ak tout moun ki travay nan kabinè nou yo respekte pratik konfidansyalite sa yo.

Avi sa a ap dekri fason nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon ki rele “enfòmasyon sante pwoteje”. Enfòmasyon sante pwoteje se nenpòt enfòmasyon ki ka idantifye w (tankou non w, adrès ou, dyagnostik ou) oubyen enfòmasyon ki gen rapò avèk sante fizik ou oswa sante mantal ou nan pase, kounye a oswa alavni, kit enfòmasyon sa yo transmèt nan bouch, kit yo anrejistre, kit yo se done demografik.

Lalwa egzije pou nou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon medikal ou yo e pou nou fè w konnen ki devwa legal ak pratik konfidansyalite nou genyen. Nou gen obligasyon pou n respekte kondisyon yo ki nan avi sa a. Nou gendwa chanje kondisyon yo ki nan avi sa a nenpòt lè. Nou rezève dwa nou pou n chanje pratik konfidansyalite nou yo epi pou nou kòmanse itilize nouvo pratik pou tout enfòmasyon nou kenbe yo. N ap afiche avi ki revize yo nan lokal nou yo epi n ap ofri w yon kopi lè ou resevwa sèvis. Epitou, n ap pibliye chanjman yo sou sitwèb nou an nan [www.greatermentalhealth.org](http://www.greatermentalhealth.org)

### Itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sante pwoteje

Pwofesyonèl sante w yo, manm pèsònèl ki nan kabinè yo ak lòt moun ki pa fè pati Greater Mental Health men ki patisipe nan swen ak tretman w yo gendwa itilize epi divilge enfòmasyon sante pwoteje w yo nan objektif pou ba w sèvis swen sante, pou peye pou bòdwo pou swen sante w yo, pou soutni operasyon Ajans lan oswa pou nenpòt lòt objektif lalwa egzije.

#### Tretman/sèvis

Greater Mental Health pral itilize epi divilge enfòmasyon sante pwoteje w yo pou bay, pou kowòdone oswa pou jere swen sante w yo ak nenpòt sèvis ki gen rapò ak yo. Sa gen ladan l kowòdinasyon oswa jesyon swen sante w yo ak lòt moun oswa òganizasyon. Pa egzanp, nou gendwa bay yon doktè yo te refere w enfòmasyon sante pwoteje w yo pou doktè sa a ka gen enfòmasyon ki nesèsè yo pou l ba w yon dyagnostik oswa yon tretman.

#### Peman

Nou pral itilize enfòmasyon sante pwoteje w yo, si sa nesèsè, pou jwenn peman pou sèvis swen sante w yo. Pa egzanp, nou ka gen pou n fè plan sante w konnen ki tretman w ap resevwa pou n jwenn yon apwobasyon alavans oswa pou n konnen si plan w pral peye pou tretman sa a.

#### Pou operasyon swen sante

Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sante pwoteje, si sa nesèsè, pou soutni aktivite biznis Greater Mental Health yo. Kèk nan aktivite sa yo, san limit, se aktivite evalyasyon kalite, aktivite evalyasyon anplwaye yo, lisans, epi mennen oswa òganize lòt aktivite biznis. Pa egzanp, nou gendwa rele w nan non w pandan ou nan sal datant lan lè klinisyen w/doktè w prè pou ou. Nou gendwa itilize oswa divilge enfòmasyon sante pwoteje w yo, si sa nesèsè, pou kontakte w pou fè w sonje ou gen yon randevou.

Nou gendwa itilize oswa divilge enfòmasyon sante pwoteje w yo nan sitiyasyon ki vin annapre yo san otorizasyon w. Sitiyasyon sa yo se lè lalwa egzije sa, lè gen pwoblèm sante piblik, selon sa lalwa egzije, pou sipèvizyon sante a, nan ka abi oswa neglijan, selon egzijans Food and Drug Administration nan, nan kad aksyon lajistis yo, nan kad aktivite lapolis yo, pou direktè finansye yo, oswa pou lòt itilizasyon ak divilgasyon ki obligatwa. Lalwa fè konnen nou gen pou n divilge enfòmasyon ba w, lè sekretè Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal la egzije sa, lè gen ankèt ki fèt oswa pou detèmine si nou respekte egzijans ki nan seksyon 164.500.

Lòt itilizasyon ak divilgasyon ki otorize e ki obligatwa yo pral fèt sèlman avèk konsantman w, otorizasyon w oswa apre nou ba w posiblité pou soulve objeksyon, sof si lalwa egzije pou nou fè l yon lòt jan.

Ou ka revoke otorizasyon sa a alekri nenpòt lè, sof si Greater Mental Health gentan fè yon aksyon poutèt ou te ba li otorizasyon w pou li itilize oswa divilge enfòmasyon.

## Dwa w yo

W ap jwenn yon deklarasyon sou dwa w yo sou enfòmasyon sante pwoteje w yo annapre.

**Ou gen dwa pou egzamine e pou kopye enfòmasyon sante pwoteje w yo.**

Sepandan, anba lwa federal yo, ou pa ka egzamine ni kopye dosye sa yo: nòt sikoterapi, enfòmasyon yo ranmase poutèt yo prevwa pral gen yon aksyon oswa yon pwosedi sivil, penal oswa administratif oswa pou itilize yo nan jan de aksyon oswa pwosedi sa yo, ak enfòmasyon sante pwoteje ki anba yon lwa ki entèdi pou moun gen aksè nan enfòmasyon sante pwoteje sa yo.

**Ou gen dwa pou mande yon restriksyon sou enfòmasyon sante pwoteje w yo.**

Sa vle di ou kapab mande nou pa itilize ni divilge yon pati nan enfòmasyon sante pwoteje w yo nan kad tretman, peman oswa operasyon swen sante nou yo. Epitou, ou kapab mande pou nou pa divilge nenpòt pati nan enfòmasyon sante pwoteje w yo bay fanmi w oswa zanmi w yo ki patisipe nan swen w yo oswa pou nou pa divilge yo nan objektif notifikasyon ki dekri nan avi sou pratik konfidansyalite sa a. Demann ou fè a dwe endike ki sa ou vle pou nou limite egzakteman ak sou kiyès restriksyon sa a sipoze aplike.

Greater Mental Health pa oblije aksepte yon demann restriksyon ou fè. Si Greater Mental Health panse li nan enterè w pou nou itilize epi divilge enfòmasyon sante pwoteje w yo, enfòmasyon sante pwoteje w yo pa p anba restriksyon ou mande a. Lè sa a, ou gen dwa pou itilize yon lòt pwofesyonèl sante.

**Ou gen dwa pou mande resevwa kominikasyon konfidansyèl nan men nou atravè lòt mwayen oswa lòt kote** Ou gen dwa pou jwenn yon kopi avi sa a sou fòm pape, depi ou mande sa, menm si w te aksepte pou resevwa avi sa a yon lòt fason (p. eg. sou fòm elektwonik).

**Ou gen dwa pou mande doktè w modifiye enfòmasyon sante pwoteje w yo.**

Si nou refize demann ou fè pou n modifiye enfòmasyon w yo, ou gen dwa pou depoze yon deklarasyon ki montre ou pa dakò. Lè sa a, nou kapab prepare yon repons pou montre nou pa dakò ak deklarasyon w epi n ap remèt ou yon kopi repons sa a.

Ou gen dwa pou resevwa yon kontrandi sou sètèn divilgasyon nou te fè sou enfòmasyon sante pwoteje w yo.

Se yon lis divilgasyon nou te fè sou PHI w yo pou kèk objektif. Objektif sa yo pa gen ladan yo tretman, peman ni operasyon swen sante. Pou jwenn lis sa a, se pou w voye demann ou alekri bay moun ki responsab konfidansyalite a pou Greater Mental Health. Demann sa a pa dwe konsène yon peryòd ki pi long pase sizan ni li pa dwe konsène yon divilgasyon ki te fèt anvan 14 avril 2003. Greater Mental Health pral egzamine tout demann yo apa epi li pral reponn yo nan lespas 60 jou, sof si sikonstans yo fè nou bezwen plis tan.

Nou rezève dwa nou pou n chanje kondisyon yo ki nan avi sa a e pou nou ekri w yon lèt pou fè w konnen nenpòt chanjman ki fèt. Ou gen dwa pou soulve yon objeksyon oswa pou retire w, jan sa esplike nan avi sa a.

## Plent

Ou kapab depoze yon plent devan nou oswa devan sekretè Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal la si w panse nou te pase dwa konfidansyalite w yo anba pye. Pou depoze yon plent devan nou, ou kapab fè moun ki responsab konfidansyalite a pou nou konnen ou gen yon plent. Tanpri kontakte moun ki responsab konfidansyalite a pou Greater Mental Health nan [mhaprivacy@greatermentalhealth.org](mailto:mhaprivacy@greatermentalhealth.org). Nou pa p fè revanj sou ou si w depoze yon plent.

## Ijans

Greater Mental Health pral itilize oswa divilge enfòmasyon sante pwoteje w yo nan yon sitiyasyon tretman ijans. Si yon ijans ta parèt epi nou ta ba w yon tretman, Greater Mental Health ap enfòmè w epi l ap eseye jwenn otorizasyon w osito sa posib. Nan ka yon katastwòf, n ap gen pou nou enfòmè òganizasyon ki responsab bay sekou yo, otorite yo oswa fanmi w/zanmi w yo/moun ki okipe w yo pou yo konnen sitiyasyon sante w, pwoblèm sante w oswa kote ou ye a.

Si w panse nou pa fè ase efò pou n rezoud plent ou, ou ka kontakte Biwo pou Dwa Sivil yo nan Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an sou pòtay plent yo nan [ocr.portal.hhs.gov](http://ocr.portal.hhs.gov) oswa nan adrès imèl [OCRcomplaint@hhs.gov](mailto:OCRcomplaint@hhs.gov).

Lalwa egzije pou nou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sante pwoteje yo epi pou nou bay moun yo avi sa a sou devwa legal yo ak pratik konfidansyalite nou yo an rapò ak enfòmasyon sante pwoteje yo. Si w gen nenpòt objeksyon pou fòm sa a, tanpri mande pale avèk moun ki responsab konfidansyalite a pou nou nan telefòn nan nimewo telefòn prensipal nou an: 914-345-5900, oubyen pa lapòs oswa nan imèl:

## Privacy Officer

Greater Mental Health of New York, Inc.

580 White Plains Road – Suite 510

Tarrytown, NY 10591 [mhaprivacy@greatermentalhealth.org](mailto:mhaprivacy@greatermentalhealth.org)